

Nim. 202.12

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;


KOUNYE A, KIDONK, mwen, *Andrew M. Cuomo*, Gouvènè Eta New York, avèk otorite mwen genyen dapre Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la (*Executive Law*) pou sispann oswa chanje pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt òganis pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen oswa retade mezi ki nesesè pou fè fas ak katastwòf la, oswa si sa nesesè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa chanje pwovizwaman, pou peryòd ant dat Dekrè Egzekitif sa a jis nan dat dimanch lundi 27 avril 2020, sa ki annapre yo:

- Sibdivizyon (1) nan Seksyon 4-117 nan Lwa Elektoral (*Election Law*) la nan limit ki nesesè pou ke dèlè pou voye chèk anyèl moun ki anrejistre ak avi pa imèl dwe konfòm ak Komisyon Konsèy Elektoral Eta New York la.
- Paragraf 28 nan seksyon 171 nan Lwa sou Taks (*Tax Law*), nan mezi kote li limite peryòd admisib la ke Komisè taks la ka respekte lè gen yon ijans dezans ki te deklare, nan mezi pou otorize Komisè taks la respekte yon peryòd oswa plis pase 90 jou, men pa plis pase 100 jou.

ANPLIS DE SA, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesesè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive lundi 27 avril 2020.

- Nenpòt tou prezidansyèl primè ki dwe fèt nan 28 avril 2020, yo dwe ranvwaye li ak repwograme li pou 23 jen 2020.
- Nenpòt eleksyon espesyal ki dwe fèt 28 avril 2020, ki gen ladan pou Vennsityèm Distrik Kongrè a, Douzyèm Asanble Distri a, Tranteyinyèm Asanble Distri a, San Trannsizyèm Asanble Distri a, ak Senkantyèm Distri Sena dwe ranvwaye ak repwograme pou 23 jen 2020, epi bilten vòt yo ap rete menm jan an.

- Tout etablisman nan kad atik ventuit ke eta lisansye, dwe, kòm kondisyon otorizasyon pèmèt prezans yon moun pou sipò ki pa gen lafyèv nan moman tranche/akouchman prezan kòm yon moun pou sipò pou yon pasyan ki ap akouche.



SOU LÒD GOUVÈNÈ A

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Me. C.", written over a horizontal line.

Sekretè Gouvènè a

F È T anba siyati mwen ak So

Prive Eta a nan Vil Albany

ventuityèm jou mwa mas

nan ane de mil ven.

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Ad. Cuomo", written in a cursive style.